



Pou Piblikasyon Imedya: 26/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK LIDÈ SENDIKA YO ANONSE YON VIKTWA ENPÒTAN  
POU OGMANTE SALÈ AK AMELYORE BENEFIS POU TRAVAYÈ NAN AYEWOPÒ  
LAGUARDIA**

***Gouvènè a ak lejislatif Eta Nouyòk la elaji Lwa sou Tèminal an Sante a nan bidjè  
ane fiskal 2026 la, pou bay plis benefis ki amelyore pou plis anplwaye ayewopò  
yo***

***Amanman yo baze sou ogmantasyon salè minimòm anplwaye ayewopò yo te  
pwomilge an desanm***

***Bidjè ane fiskal 2026 la te pote plis viktwa pou mete lajan nan pòch Nouyòkè yo,  
tankou ogmantasyon asirans chomaj***

Gouvènè Kathy Hochul te rasanble jodi a ak lidè nan sendika Service Employees International Union (SEIU) Local 32BJ ak UNITE HERE! Lokal 100 nan ayewopò LaGuardia pou anonse amelyorasyon nan Lwa sou Tèminal an Sante (Healthy Terminals Act) a, ki bay pi bon swen sante ak benefis konje pou travayè nan ayewopò Entènasyon John F. Kennedy (JFK) ak LaGuardia.

"Ayewopò Nouyòk yo se pòtay nou sou mond lan, epi chak ane plis pase 90 milyon pasaje vwayaje nan JFK ak LaGuardia. Pa gen anyen nan sa ki posib san efò enkwayab anplwaye ayewopò yo ki travay di pou pèmèt vwayajè yo kontinye deplase," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Travayè sa yo merite touche yon salè ki apwopriye pou viv ak bon benefis epi viv avèk diyite nan yon eta ki abòdab. Lè nou elaji Lwa sou Tèminal ki an Sante a, n ap asire yo jwenn egzakteman sa."

Lwa sou Tèminal ki an Sante a etabli estanda salè espesifik pou travayè ayewopò ki anba pwoteksyon an epi li egzije pou anplwayè yo bay yon to siplemantè pou benefis estanda pa èdtan anplis salè minimòm pa èdtan ki aplikab la. Amanman yo, Gouvènè Hochul [te siyen nan mwa me](#) kòm pati nan Bidjè Eta a pou ane fiskal 2026, enkli travayè tan pasyèl kòm travayè lwa a kouvri. Sa ap asire travayè nan tou de ayewopò yo resevwa menm salè estanda ak menm benefis sante. Lejislasyon an te kreye tou yon nouvo egzanpsyon pou ti anplwayè ki gen 10 anplwaye oswa mwens. Amelyorasyon sa yo fè pati angajman kontinyèl Gouvènè a pou fè Eta Nouyòk la an sekirite epi abòdab pou mendèv nou an.

**Komisè Depatman Travay Eta Nouyòk (New York State Department of Labor, NYSDOL) la, Roberta Reardon, te deklare,** "Ayewopò Entènasyon JFK ak LaGuardia se pòtay ki gen anpil volim nan Eta Nouyòk epi yo se gwo sant aktivite ekonomik. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li kontinye goumen pou mendèw nou an, epi li asire travayè ayewopò sa yo, ki se fòs dèyè motè ekonomik sa yo, resevwa yon salè ak benefis ki jis."

Sa a se youn nan anpil pwogrè resan pou travayè nan ayewopò entènasyon JFK ak LaGuardia. Nan mwa desanm, Konsèy Komisè Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey [te apwouve ogmantasyon salè minimòm lan](#). Salè a te ogmante 75 santim pa èdtan an janvye, avèk lòt ogmantasyon 75 santim pa èdtan mwa pwochen an ak an janvye 2026. Apati 1ye janvye 2027, ogmantasyon anyèl yo pral lye ak Endis Pri Konsomatè (IPC). Ogmantasyon salè a pral pèmèt travayè nan ayewopò yo pi byen pran swen tèt yo ak fanmi yo pandan l ap ede atire plis travayè kalifye nan ayewopò yo.

**Prezidan 32BJ SEIU Manny Pastreich te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman san fay ou anvè mendèw esansyèl la ki kenbe ayewopò Nouyòk yo pami meyè yo nan mond lan. Soti nan moun ki nan chèz woulant yo ki eskòte moun nou renmen yo ak anpil atansyon pandan yon jounen vwayaj ki long, rive nan moun ki jere bagaj yo ki leve epi gide bagaj plizyè milye vwayajè chak jou, Nouyòk konte sou travayè ayewopò yo. Pandan plizyè ane, travayè esansyèl sa yo ap òganize epi goumen pou dwa yo. Viktwa sa a – ki ranfòse Lwa sou Tèminal ki an Sante a – se yon temwayaj sou pouvwa sendika yo te bati a. Sa pral chanje lavi plizyè milye moun epi ede asire sante ak sekirite ayewopò eta nou an."

**UNITE HERE! Prezidan Lokal 100, Jose Maldonado, te deklare,** "Gras a lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, moun ki bay ayewopò nou yo kouran, ki netwaye tèminal nou yo, epi ki nourri plizyè milyon moun yo santi yo wè yo e yo santi yo tande yo. Yo *merite* yon salè ki *jis*, bon jan benefis sante, ak tan pou yo pran swen tèt yo ak fanmi yo. Modifye Lwa sou Tèminal ki an Sante a se pou ede travayè ayewopò yo kenbe Nouyòk an mouvman."

**Travayè Netwayaj nan Ayewopò LaGuardia, Cristiana Mendez, te deklare,** "Chak jou, mwen menm ak kòlèg travay mwen yo travay di pou fè vwayaj antre ak sòti Nouyòk la pi fasil nan mezi posib pou tout vwayajè yo. Men, jiska prezan, nou pa t gen konje peye pou nou fè pwòp vwayaj ak pran vakans nou yo. Pandan plis pase yon deseni, mwen t ap òganize epi goumen ansanm ak kòlèg netwayè mwen yo, ajan sekirite yo, moun k ap jere bagaj yo, anplwaye magazen yo, ak tout lòt travayè esansyèl ki fè ayewopò a fonksyone. Chanjman sa yo nan Lwa sou Tèminal ki an Sante a se yon gwo viktwa. Finalman, nou ka jwi menm sèvis nou bay chak jou yo. Tout moun bezwen tan pou vwayaje, pase tan ak fanmi yo, epi repoze. Pou mwen, sa ap pi fasil pou m wè manman m nan Pòtoriko. Sa vle di tout bagay pou mwen."

**Ajan Sèvis Pasaje Ayewopò JFK a, Tameeka Simpson, te deklare,** "Mwen sipòte kliyan yo pandan y ap pare pou yo fè gwo vwayaj entènasyon yo. Mwen dwe rete

poze, kalm epi tèt frèt — pare pou ede epi vrèman absòbe estrès yo. Kòm yon travayè a tan pasyèl, mwen te konte sou Medicaid pou bay kouvèti swen sante pou mwen menm ak fanmi mwen. Tout menas sa yo pou redui Medicaid fè m pè pou lavni swen sante mwen an. Kounye a, avèk elajisman Lwa sou Tèminal ki an Sante a pou enkli travayè a tan pasyèl tankou mwen, mwen p ap bezwen enkyete m. Mwen konnen swen sante mwen an sekirite e li garanti."

**Pòtpawòl Asanble Eta Nouyòk la, Carl Heastie, te deklare,** "Ekspansyon Lwa sou Tèminal ki an Sante a pral asire plis anplwaye ayewopò toujou gen resous yo bezwen pou pran swen fanmi yo tout pandan y ap kenbe nou an sekirite nan vwayaj nou yo. Avèk rediksyon bidjè federal ki ap pwoche, ogmantasyon nan trafik vwayajè yo, ak rediksyon nan kantite anplwaye, travayè ayewopò nou yo bezwen sipò sa a plis pase tout tan. Majorite Asanble a fyè dèske li soutni nenpòt efò ki bay fanmi k ap travay di nan Nouyòk sa yo merite."

**Prezidan Komite Travay Asanble Eta Nouyòk la, Harry B. Bronson, te deklare,** "Amelyorasyon Lwa sou Tèminal ki an Sante a asire travayè esansyèl yo resevwa bon salè ak kondisyon travay ki an sekirite ki nesèsè pou kenbe ayewopò nou yo an fonksyon epi vwayajè yo kontan. Antanke Prezidan Asanble Travay la, mwen angaje m pou m defann prensip sendikalis yo pou fè Nouyòk pi abòdab e pi an sekirite pou travayè yo ak fanmi yo. Ayewopò yo se gwo motè ekonomik, epi JFK ak LaGuardia konte sou travayè sèvis esansyèl sa yo pou yo fonksyone. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li, epi SEIU Local 32BJ ak UNITE HERE Local 100 pou lit san pran souf yo pou sipòte travayè yo."

**Senatè Eta Jessica Ramos te deklare,** "Aksesibilite nan Nouyòk kòmanse avèk rekonesans valè moun ki fè l pwogrese. Lwa sou Tèminal ki an Sante a bay travayè esansyèl ki bay ayewopò nou yo enèji, salè jis, tan vakans, ak pwoteksyon yo te refize depi lontan pou yo. Lè Lwa a pwolonje dwa sa yo pou travayè a tan pasyèl, li fèmen yon gwo twou nan pwoteksyon travay epi li amelyore estanda a pou tout moun."

Amanman nan Lwa sou Tèminal ki an Sante yo se pami plizyè amelyorasyon resan nan domèn travay pou ranfòse ak pwoteje mendèv nou an. Nan mwa me, Gouvènè a te anonse ke eta a pral peye dèt asirans chomaj la pou diminye depans pou patwon yo epi ogmante benefis pou travayè yo, yo pral ogmante pouvwa aplikasyon Lwa Depatman Travay Eta Nouyòk (NYSDOL) pou konbat vòl salè, lanse papyè travay dijital pou ede jèn Nouyòkè antre nan mendè la, ogmante penalite pou vyolasyon lwa travay timoun, epi amelyore aksè a tretman medikal pou travayè ki blese.

Bidjè Eta a pou ane fiskal 2026 la te kenbe pwomès Gouvènè a pou tounen mete plizyè milye dola nan pòch fanmi klas travayè yo. Pwopozisyon pou fè lavi pi abòdab ki te adopte kòm pati nan Bidjè Eta a gen ladan yon rediksyon istorik nan taks pou klas mwayèn lan — yo diminye taks pou plis pase 75 pousan tout moun ki ranpli deklarasyon taks atravè tout eta a; chèk ranbousman pou enflasyon jiska 400 dola pou 585,000 kay apati mwa oktòb; yo triple kantite kredi taks pou timoun, ki bay 1.6 milyon fanmi nan Nouyòk ki gen timoun katran oswa mwens pase 1,000 dola ak 500 dola pou

chak timoun ki gen ant kat a 16 lane; epi yo fè investisman pou elaji aksè ak gadri, ki gen ladan investisman 400 milyon dola pou pwoteje sibvansyon gadri yo ak 110 milyon dola an sibvansyon kapital pou sipòte founisè gadri yo.

Pou plis enfòmasyon sou Lwa sou Tèminal ki an Sante a, vizite [paj entènèt NYSDOL la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)